

## 2<sup>nd</sup> Grade

### 3<sup>rd</sup> Quarter Assessment

#### Devlopman Langaj

1. Fè yon lis kèk konsèy sekirite ou konnen. Esplike ladan yo kilès ki pi enpòtan pou ou?


---


---

---

---

2. Idantifye fòm sa yo?





3. Yo di genyen 7 kontinan. Site non 7 kontinan sa yo? Kijan yo rele kontinan w ap viv la?

---

---

4. Ann nou pale de ti bèt yo rele founi an. Founi toujou vin an gwoup. Poukisa?

Sa mwen konnen de founi	Sa mwen t a renmen konnen de founi

5. Gen bèt ki viv poukont yo, yon lòt kalite viv an gwoup. Gwoup sa yo gen yon non espesyal. Mete nan bwat sa a kijan yo rele bèt sa yo?

Bay yon ekzanp

Bèt	Gwoup
founi	

zwazo	
lyon	
rena	
pwason	

6. Nan chak fraz sa yo se yon evènman kit e pase ki fè yon lòt evènman rive. Lè sa fèt yo rele sa “Kòz ak Efè”

    Dekri **kòz** ousinon **efè** nan fraz sa yo.

### Bay yon ekzanp

- Flè sa yo grandi vit, \_\_\_\_\_
- Zwazo yo genyen zèl, \_\_\_\_\_
- Chòvsourit pa vole lajounen, \_\_\_\_\_
- Sèten bèt gen dan, yon lòt gen bèk, \_\_\_\_\_

7. Ann nou li lis mo sa yo, de ki sa ou panse y ap pale?

- farin, sik, ze, bouji (\_\_\_\_\_)
- bale, mòp, bokit, desenfektan (\_\_\_\_\_)
- leti, tomat, karòt, sòs (\_\_\_\_\_)

8. Èske ou ka site kèk mo ki fini ak konsòn sa yo? **nd – nt – ng – nd –**

\_\_\_\_\_

9. Ensèkle mo ki pa siyale yon jeneralizasyon.

Tout – anpil – twòp – toutotou – tout tan – tout moun – toutrèl – souvan –  
sensèman – toujou – jeneralman – kèk.

10. Kisa mo sa yo vle di?

**Manb yon fanmi:**

<b>Mal</b>	<b>Femèl</b>
Papa	Maman
Granpapa	Granmè
Pitit gason	Pitit fi
Monnonk	Matant
neve	Nyès
kouzen	Kouzin

11. Lè n ap swiv yon resèt ki mo nou itilize pou nou egzekite l nan lòd.

12. Identifye e bay definisyon mo sa yo lè ou itilize prefisk re – de

<b>Mo</b>	<b>Sa li vle di</b>	<b>Prefisk (re- de)</b>	<b>Sa li vle di</b>
Fòme Fè Kole Kouvri Ranje Pouse			